# المختصر في صفة الحج

# Lii ab tënk la buy leeral naka lañuy Aje

# Lii ab tënk la buy leeral naka lañuy Aje

Cant ñeel na Yàlla miy Boroom mbindeef yi, xéewal ak jàmm yal na nekk ci sunu Yonnente bi Muhammat ak ay ñoñam, ak àndandoom yépp.

Ginnaaw loolu:

Lii ab bataaxel bees tënk la buy leeral naka lañuy aje, bégg nanu ci a leeral ci li ëpp ci li kiy aj di aajowoo.

Yàlla rekk lanuy ñaan mu def ko muy lu sell ñeel jëmmam ju Tedd ji, ak mu jariñ ci mbooleem jullit ñi.

Al-Lajnatu Al-Hilmiyyatu Bi Jamhiyati Al-Muhtawaa Al-Islaamii Bil-Luxaati.

## Laltaay

## Sàrti nangu ag jaamu:

Ag jaamu Yàlla deesu ko nangu fa Yàlla lu dul ci ñaari sàrt:

Sellal, te mooy mu jublu ca jëmmi Yàlla ak kër gu mujj ga, Yàlla mu kawe mi nee na:

﴿وَمَآ أُمِرُوٓاْ إِلَّا لِيَعۡبُدُواْ ٱللَّهَ مُخۡلِصِينَ لَهُ ٱلدِّينَ حُنَفَآءَ...﴾"،

{digaluñu leen lu dul ñu jaamu Yàlla di aji-sellal diine ji ñeel ko...}[1]", [Al-Bayyinatu: 5].

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc wax na ne:

«إِنَّمَا الْأَعْمَالُ بِالنِّيَّاتِ، وَإِنَّمَا لِكُلِّ امْرِئٍ مَا نَوَى».

---

[1] Maanaam: dëgmal ko ak jaamu ko, di way-dummóoyu lu dul Moom, Tafsiiru As-Sahdii (xëtu 538)

"jëf yi ñoo ngi aju ci yéene yi, te kenn ku nekk la mu yéene rekk la am"[2].

Topp ci Yonnente bi ci wax ak jëf, Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na:

**«مَنْ أَحْدَثَ فِي أَمْرِنَا هَذَا مَا لَيْسَ فِيهِ فَهُوَ رَدٌّ».**

"képp ku sos ci sunu mbir mii lu ci bokkul dees ko koy delloo"[3]. Ñëw na ci geneen nettali:

**«مَنْ عَمِلَ عَمَلًا لَيْسَ عَلَيْهِ أَمْرُنَا فَهُوَ رَدٌّ».**

"Képp ku jëf dara ci diine ji te amu ci sunu ndigal dees ko koy delloo"[4].

***

## Li ci njëkk: àttey warabi armal yi:

Warabi armal yi ñooy : warab yi nga xam ne Yonnente bi yal na ko Yàlla xéewalal te jàmmal Ko moo leen leeral ngir ki bëgg Aj walla Umra armale ci benn ci warab yooyu.

Képp ku ci romb wenn fas yéenee aj walla umra : war na ci moom mu armale fa, te du dagan mu koy weesu te armalul.

Koo xam ne nag Màkka la gën a jege ci warab yooyu : fa mu nekk rekk mooy doon barabu armalam ; foofa lay armale ngir aj walla umra.

---

[2] Al-Buxaarii moo ko soloo, ci limatu (1), ak Muslim, ci limatu (1907).

[3] Al-Buxaarii moo ko soloo, ci limatu (2697), ak Muslim, ci limatu (1718).

[4] Muslim soloo na ko, ci limatu (1718).

Bu dee waa Màkka ak ña fa nekk : dañuy armal fa Màkka ngir aj, bu dee umra nag dañuy génn warab ya ñu wormaal ya armal ca biti, niki barabu Tanhiim ak yu ni mel.

Ku nekk ci Abiyoŋ: day armal bu tolloo ak barabu armal bi, mu waajal daal di sol yérey armalam laata muy tolloo ak barab bi, bu tolloo ak moom mu yéenee armal fa saasa, du dagan ci moom mu koy yeexe ba wàcc ca Aydapoor ba, man naa léemtu nag wax Labbayka laata muy tolloo ak barabu armal bi ngir ragal fa mu ko waroon a waxe di ko raw; ngir gaawaayu Abiyoŋ bi.

## Ñaareel bi: xeeti ajiin yi ak seen i àtte:

Ajiin yi ñatt la: Tamattuh, ak Ifraat, ak Qiraan.

Tamattuh nag moo ci gën ñeel ku màngul lamuy ray, te mooy mu armal ngir umra ci weeri aj gi, wër Kaaba ga, dox Safaa ak Marwa daal di summiku, topp mu armal ngir aj, lépp ci menn at mi.

Ifraat mooy : mu armal ngir aj rekk, bu eggee Màkka sunnaal nañu ci moom mu wër wërug dikk gi topp mu dox Safaa ak Marwa ngir aj, te du watu du jemp kawaram, te du summiku ci armalam googu, waaye day wéy di aji-armal ba ba muy summiku ginnaaw sànnig Jamratul Hãqabat ci bisub jullig tabaski, bu yeexee dox Safaa ak Marwa ba ca ginnaaw wërug aj ga itam aayul.

Qiraan mooy : mu armal ngir umra ak aj yépp, wax : (Labbaykal Laahumma humratan wa hajjan).

Li kiy qiraan di def mooy li kiy ifraat di def kiif-kiif, ndare ne kiy qiraan war na a ray am hëddyu, te kiy ifraat loolu waru ko.

## Ñatteel bi : melow armal ak i àtteem :

Yoonal nañu ci ki namm a armal yii di ñëw:

1. Sangu, moom sunna su feddaliku la ci góor ak jigéen ba ci ki gis mbaax ak wësin wi.

2. Laal gëtt ci li gën a neex ci lu mu am ci diwu Huud walla leneen mu def ko ci boppam ak sikkimam, te desug loolu ginnaaw armal gi du ko wàññi dara. Bu dee jigéen nag du dagan ci moom muy laal gëtt gu am xet; ndax dañuy bañ jàmbur yu góor di ko xeeñtu.

3. Sol yérey armal, moom nag koddaay la ak làmbaay, la cay sunna mooy mu nekk ñaar yu weex te set walla yu yees. Jigéen day armal ci yére yu ko soob ci lu dul muy wane ab taar, waaye nag day moytu a sol "Niqaab" ak i kawas, te mu muur kanamam ak ñaari loxoom ci yu dul yooyu.

4. Armal ginaaw ag julli lu ñu yoonal la, moo xam farata la walla naafila, loolu nag du lu war.

Mu daal di wax: (Labbaykal Laahumma humratan) bu dee aji-umra la, walla mu ne: (Labbaykal Laahumma hajjan) bu dee kuy ifraat la, walla mu ne: (Labbaykal Laahumma humratan wa hajjan) bu dee kuy Qiraan la.

Bu dee ki namm a armal daa ragal lu ko gàllankoor ba du matal ag jaamoom kon dina dagan ci moom mu sàrtal buy armal ne: (... Bu ma ngànt dabee kon sama barab mooy fa ma ngànt la dabee) saa yu sàrtalee am

lu ko gaar ba matalul ag jaamoom su boobaa day summiku te dara du ko war.

Topp mu baril labbayka ya : (labbaykal Laahumma labbayka, labbayka laa sariika Laka labbayka, innal hamda wan-nihmata Laka wal-mulka laa sariika Laka) [5], góor gi bu koy wax day yëkkëti kàddoom, niki noonu jigéen gi ; ndare mu nekk ci teewaayu aw jàmbur wu góor. Dina jaadu ci aji-armal ji mu baril labbayka yi, rawati na bu bir yi soppikoo walla jamono yi, niki mu yéeg fu kawe, walla mu wàcc fu suufe, walla guddi gi dëgmalsi walla bëccëg gi.

Di wax labbayka lees yoonal ci umra la li ko dale ca armal ga ba ba muy door wër ga, bu dee aj nag la ko dale ca armal ga ba ba muy door sànnim Jamratul Hãqabat ci bisub jullig tabaski bi.

---

[5] Maanaam li nit ki di wax :

(Labbayka) mooy maa ngi Lay wuyu yaw sama Boroom, te di La wuyu ak a wuyuwaat, loolu mooy wuyug nit ki Boroomam ak ug taxawam ci topp Ko.

"Innal hamda wan-nihmata Laka wal-mulka"

(Hamdu) mooy melal Ki ñuy sant ag mat gu ànd ak cofeel ak ug màggal, bees ko baamoo mu mujj di aw tagg.

(Nihmatu) mooy yi Yàlla di baaxe ay jaamam ci ñuy am li ñu bëgg, ak Mu leen di jañal yi ñu sib, (Mulk) mooy nguur ñeel na Yàlla Mu barkeel Mu kawe Mi rekk mooy Aji-Moom Moom dong, (Laa sariika Laka) mooy amul lenn mbaa kenn kuy bokk ak Yaw li nga jagoo Yaw Yàlla Mu tedd Mu màgg Mi ci ay melo yu mat, bokk na ci hooyu wéet gi nga wéet ci nguur gi ak bind gi ak soppaxndiku gi ak yayoo jaamu gi. Majmuuhu Fataawaa Wa Rasaayilul Husaymiin (22/96) di lees tënk.

War na ci ki armal mu moytu a tàbbi ci dara ci yi ñu tere ci armal ba ba muy summeeku ca armal ga.

## Ñenteel bi : yi ñuy wattandiku ci armal

Yi ñuy moytandiku ci armal mooy:

1. Wat kawar walla jemp ko walla suqi ko, ci bérab bu mu man a doon ci yaram wi.

2. Lelli weh yi yépp walla lenn li ci tànk yi walla ci loxo yi .

3. Muur bopp ci luy taqaloo ak moom, lu mel ni: mbaxana, ak kaala, ak teg làmbaay ci kaw bopp bi, walla teg musuwaar, walla mbàjj, walla kàrtoŋ, walla lu dul loolu ci yi ñuy jubloo muure. Lii nag góor ñi ñoo ko jagoo wolif jigéen ñi.

4. Sol yére ya ñu aadawoo muy yu ñu ñaw yuy teqale céri nit ki ca meloom wa mu baaxoo, niki mbubbu àbbaaya, ak pantalooŋ, ak Semis, ak ñaari kawas, ak ñaari gaaŋ. Lii nag góor moo ko jagoo wolif jigéen, ndaxte moom dañu ko a tere:

A. Sol Niqaab, walla Burqa, walla muuraay gu niroo ak Niqaab, te dana war ci moom mu muur xar kanamam ci kanamu jàmbur yu góor yi ci muuraayu kanam gi ñu aadawoo. Donte muuraay gi dafa laal xar kanamam, te yoonaluñu ci moom mu taf dara ci boppam -walla lu mel noonu- ngir ne muuraay gi laalul kanamam; Ndax amul lenn luy firndeel ne yoonal nañu loolu.

B. Sol ñaari Gaaŋ, te dana war ci moom mu muur ay loxoom ci jàmbur yu góor yi ci mu dugal ko ci biir Abaayaam.

5. Laal gëtt ci yaram wi, walla ci yérey armal yi.

6. Ray rëbbum jéeri, walla rëbb ko donte rayu ko.

7. Labat, ngir boppam walla ngir keneen.

8. Takk ab sëy.

9. Jonjoo ci fu dul péy ma; niki fóon, ak laal ngir bànneex.

10. Jaxasoo, te mooy sëy ci péy mi.

***

## Juróomeel bi : ni ñuy wëree Kaaba gi

Aji-armal ji buy dugg ca Jumaa ja ñu Wormaal sunnaal nañu ci moom mu jiital tànku ndayjooram daal di wax ñaanu dugg ci jumaa, bokk na ci li gën a wér ci li rot ci loolu, mu wax : "Allaahumma iftah lii abwaaba rahmatika", ñaan gii da koy wax buy dugg ci jàkka ju mu man a doon, waaye du lu ñu jagleel Jumaay Màkka rekk.

Bu bëggee tàmbali wër gi day feeñal mbaggum ndayjooram, ni ñu koy defe mooy : la féete ca digg ba mu terexlaayoo lay def ci biir poqtaanu ndayjooram teg ñaari cat ya ci kaw mbaggum càmmooñam, bu noppee ci wër gi delloo ag terexlaayam ca na mu meloon laata muy wër, ndax feeñal mbaggum ndayjoor ci wër gi rekk lees koy def.

Topp mu jàll jëm ca Doj wu ñuul wa laal ko ak loxo ndayjooram fóon ko, bu ko manut a fóon mu laal ko ak loxoom daal di fóon loxoom, bu ko manut a laal ak loxoom mu laale ko ak dara niki aw yat ak lu mel ne moom daal di koy fóon, bu loolu jàppandiwul mu dëgmal Doj wi junj ko ak loxoom junj bob du ko fóon,

li gën nag mooy mu bañ di buuxante di lor nit ñi ak a loru a ci ñoom.

Buy laal Doj wi walla mu koy junj day wax: (Allaahu Akbar).

Topp mu féete ndayjoor te def wetug càmmooñam mu féete ag Kaaba gi, bu tollee ca koñu Kaaba ga féete ndayjoor jëm soww mu laal ko ci lu dul mu koy fóon, bu loolu yombul bu mu ca buuxante, te it bu mu ko junj.

Mu wax ci diggante koñ boobu ak Doj wu ñuul wa : (Rabbanaa aatinaa fiddunyaa hasanatan wa fil aaxirati hasanatan waqinaa hasaaban naari).

Saa yu rombee Doj wi da koy junj ak loxoom ne: (Allaahu Akbar)

Li des ci wër gi da ciy wax lu mu bëgg ci sikar ak ñaan ak jàng Alxuraan.

Liy sunna mooy mu waaxu ci ñatti yoon yu njëkk yi rekk, waaxu bi mooy gaawal dox bi te mu ànd ak jéego yu jegee, bu dee ñenti yoon yi ci des nag moom amul waaxu, day dox ni mu baaxoo doxee rekk.

Bu matalee wër ga jàll ca bqrabu "Màqaamu Ibraayma", jàng fa :

﴿...وَٱتَّخِذُواْ مِن مَّقَامِ إِبۡرَٰهِـۧمَ مُصَلًّى...﴾،

{wattaxisuu min maqaami Ibraahima musallaa...}, [Al-Baqara: 125] Topp mu julli ñaari ràkka ca ginnaawam bu dee jàppandi na, lu ko moy mu julli leen ci barab bu mu man a doon ci jumaa ji, day jàng ci ràkka bu njëkk bi ginnaaw Faatiha:

﴿قُلۡ يَٰٓأَيُّهَا ٱلۡكَٰفِرُونَ﴾

{Qul yaa ayyuhal kaafiruun} [Al-Kaafiruuna: 1] Mu jàng ci ràkka bu ñaareel bi ginnaaw Faatiha:

﴿قُلۡ هُوَ ٱللَّهُ أَحَدٌ﴾.

{Qul Huwal Laahu Ahad} [Al-Ixlaas: 1]

## Juróom-benneel bi : ni ñuy doxe diggante safaa ak Marwa:

Bu noppee ci wër gi ak ñaari ràkkaam day génn dem ca bqrab ba ñuy doxee Safaa ak Marwa, bu demee ba jege Safaa daal di jàng :

﴿إِنَّ ٱلصَّفَا وَٱلۡمَرۡوَةَ مِن شَعَآئِرِ ٱللَّهِ...﴾

{innas Safaa wal Marwata mi sahaa-iril Laahi...} Topp mu wax:

**«أَبْدَأُ بِمَا بَدَأَ اللهُ بِهِ».**

« damay Tàmbalee ci li Yàlla tàmbalee»
6

Topp mu yéeg ca kaw Safaa bay gis Kaaba gi walla wetam ga mu jublu mu jublu ko, daal di kennal Yàlla, màggal ko, ne:

**«لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ، وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ، لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ، أَنْجَزَ وَعْدَهُ، وَنَصَرَ عَبْدَهُ، وَهَزَمَ الْأَحْزَابَ وَحْدَهُ»، ثُمَّ دَعَا بَيْنَ ذَلِكَ. قَالَ مِثْلَ هَذَا ثَلَاثَ مَرَّاتٍ.**

«Laa ilaaha illal Laahu wahdahuu laa sariika Lahuu, Lahul mulku wa Lahul hamdu, wa Huwa hãlaa Kulli say-in Xadiirun, laa iaaha illal Laahu wahdahuu,

[6] Muslim moo ko soloo, ci limatu (1218).

anjasa wãhdahuu, wa nasara Hãbdahuu, wa hasamal ahsaaba Wahdahuu», topp mu ñaan ci diggante loolu. Wax na lu ni mel ñatti yoon[7].

Topp mu wàccee Safaa jëm Marwa di aji-dox, bu eggee ca raaya wu wert wa mu ñukk ñukk gu dëgër, bu eggee ca ñaareelu raaya bu wert ba mu dox ni mu baaxoo doxe, yoonaluñu nag ci jigéen ñi ñuy ñukk ñukk gu dëgër.

Bu eggee Marwa yoonalees na ci moom mu def la mu defoon ca Safaa (xaaju limatu 2).

Topp mu wàccee Marwa jëm Safaa di aji-dox, bu eggee ca raaya wu wert wa mu ñukk ñukk gu dëgër, bu eggee ca ñaareelu raaya wu wert wa mu dox ni mu baaxoo doxe.

Niki noonu ba mu matal juróom-ñaari yoon yi, dem gi bawoo Safaa jëm Marwa benn yoon la, delluseem gi it jóge Marwa jëm Safaa beneen yoon la.

Day wax ca ba muy dox lu mu bëgg ci sikar ak ñaan ak jàng Alxuraan.

Juróom-ñaareel bi : ni ñuy watoo ak a jemp kawar gu

Aji-umra ji bu noppee ca wër ga ak dox ba war na ci moom mu wat boppam walla mu wàññi ko bu dee góor la, lay sunna nag mooy watu gi walla wàññi gi matale mbooleem bopp bi.

[7] Muslim moo ko soloo, ci limatu (1218).

Watu nag moo gën jemp, lu dul waxtuw Aj wi jege ba saxug kawaru bopp bi du ci xaj; kon lay gën mooy mu yem ci wàññi.

Bu dee jigéen nag moom day wàññi ci cati kawaram luy tolloo ak catu baaraam.

Bu dee aji-armal ji moo xam day ifraat walla day qiraan kooku du wat ci kawaram dara lu dul ci bisu tabaski ginnaaw sànnig Jamratul Hãqabat.

Ci noolu la aji-umra ji di jeexalee umraam, niki noonu it la aji-aj jiy tamattuh di jeexalee umraam.

## Ni ñuy aje

### Bi ci njëkk : armal ngir aj :

Liy sunna ci ki bëgg a aj mooy mu armal yoor-yooru bisu Tarwiya, te mooy bisu juróom-ñatteel ci weeru tabaski, armale ci barab bi mu bëgg a doore aj ga, bu dee ca Màkka la walla fu eggul ca Miiqaat ya, bu dul ci bérab yooyu nag kon mu armale ca Miiqaat ba muy romb.

Li muy def bu armalee ngir aj mooy li muy def bu armalee ngir umra; doore ko ci sangu ak laal gëtt ak julli, fas yeene aj ci armalam ga, daal di wax labbayka, ni muy waxe labbayka ci aj mooy niki ni mu koy waxe ci umra, lu dul ne fii day wax : (Labbayka hajjan) wottee ko la mu doon wax naan (Labbayka humratan).

Bu dee daa ragal dara gàllankoor ko ba du matal ag jaamoom bu boobaa dagan na ci moom mu sàrtal buy armal ne : (bu ma ngànt dabee kon samag yewwiku mooy fa ma ngànt la dabee) saa yu sàrtalee am lu ko

gaar ba tere ko a matal ag jaamoom, su boobaa day yewwiku ca aj ga te dara du ko ca war.

Topp mu baril labbayka yi : {Labbaykal Laahumma labbayka, labbayka laa sariika Laka labbayka, innal hamda wan-nihmata Laka wal-mulka laa sariika Laka), góor gi day yëkkëti kàddoom, jigéen gi itam niki noonu; bu nekkul ci teewaayu ay jàmbur yu góor. Dina jaadu ci aji-armal ji mu baril labbayka yi rawati na bu bir yi soppikoo ak jamono yi niki mu yéeg fu kawe, walla mu wàcc fu suufe, walla guddi gi dëgmalsi walla bëccëg gi.

Labbayka lees yoonal la li ko dale ci armal ga ba ba muy tàmbalee sànni jamratul Hãqabat ci bisub tabaski bi.

War na ci ki armal mu moytu a tàbbi ci dara ci yi ñu tere ci armal ba ba muy summeeku ca armal ga.

***

## Ñaareel bi : fanaan Minaa:

Topp sunnaal nañu ci moom mu génn jëm Minaa ci bisub juroom-ñatteel bi; julli fa tisbaar ak tàkkusaan ak timis ak gee ak fajar ; te gàttal julli ya lu dul mu leen di boole; ndaxte Yonnente bi yal na ko Yàlla xéewalal te jàmmal Ko da daa gàttal julli fa Minaa te daawul boole.

## Ñatteel ba : taxaw Arafa ak fanaan Musdalifa :

Bu jant bi sowee ci bisub juróom-ñenteel bi di bisu Arafa day dem bawoo Minaa jëm Arafa wàcc Namirat

ba waxtuw tisbaar bu jàppandee ci moom, bu jàppandiwul nag dara du ko ca war ndax wàcc Namirat sunna la.

Bu jant bi jógee ci digg asamaan jëm soww, mu julli tisbaar ak tàkkusaan ñaar-ñaar, boole leen booleg jiital niki ni ko Yonnente bi yal na ko Yàlla xéewalal te jàmmal Ko defe.

Topp mu bàyyi lépp ginnaaw julli ga yittewoo rekk sikkar ak ñaan ak toroxlu jëm ci Yàlla Miy Aji-Tedd di Aji-Màgg, ñaan lu mu bëgg yëkkëli ay yoxoom ñu jëm xibla.

Li Yonnente bi yal na ko Yàlla xéewalal te jàmmal Ko ëppoon lu Mu daa ñaan ci tolluwaay bu màgg boobu mooy : "Laa ilaaha illal Laahu wahdahuu laa sariika Lahuu, Lahul mulku wa Lahul hamdu, wa Huwa hãlaa Kulli say-in qadiirun".

Bu ko coono dabee mu namm a noppaloo waxtaan ak i àndadoom waxtaan yu am njariñ walla mu namm a jàng lu jàppandi ci ay téere yu am solo rawati na lu jëm ci teddngay Yàlla ak i mayam yu rëy ; ngir yaakaaram ci Yàlla gën a dëgër ci bis boobu loolu lu rafet la, topp nag mu delluwaat ci toroxlul Yàlla ak ñaan ko, xér ci màng mujjug bëccëg gi ci ñaan, ndax ñaan gi gën ci ñaan yi de mooy ñaanug bisu Arafa.

Bu jant bi sowee ci bisub Arafa mu dem Musdalifa.

Bu eggee julli timis ñatti ràkka, ak gee ñaari ràkka, te da leen di boole.

Bu dee daa ragal ne balaa egg Musdalifa guddi gi xaaj kon day julli doonte laata muy egg Musdalifa la,

du dagan muy yeexe julli ga ba ginnaaw xaajug guddi ga.

Fanaan Musdalifa, bu fajar gi leeree mu teel a julli fajar julli gu ànd ak nodd ak liqaam.

Topp mu jublu Mashãrul Haraam, di kennal Yàlla di kàbbar ñeel ko, di ñaan lu mu bëgg ba suba gi leer nàññ, bu dem Mashãrul Haraam jàppandiwul ci moom mu ñaan fa mu nekk; ngir li Yonnente bi yal na ko Yàlla xéewalal te jàmmal Ko wax ne :

«وَقَفْتُ هَاهُنَا وَجَمْعٌ كُلُّهَا مَوْقِفٌ»،

«Fii laa taxaw waaye barabu boolekaayu julli bii yépp taxawukaay la»[ 8], Jamono yi muy tudd Yàlla ak a ñaan nag day jublu qibla yëkkëti ay yoxoom.

## Ñenteel bi : yees war a def ci bisu tabaski bi:

Bu suba gi leeree nàññ mu dem bawoo Musdalifa - laata jant bi di fenk - jëm Minaa, te gaawal ab doxam ca xuru Muhassir.

Bu eggee Minaa daal di sànni jamratul Hãqabat, te mooy ba mujj ca wàll ga féete Màkka, sànni fa juróom-ñaari xeer yu tegaloo benn bu mu sànni teg ca ba ca topp, xeer wu nekk nag day tolloo ak saalu tàndarma daanaka, mu boole ko ak di kàbbar ci xeer wu nekk.

Topp mu rendi bu jàppandee.

Topp mu wat kawari boppam walla mu jemp ko bu dee góor, wat gi nag moo gën, bu dee jigéen moom dees di yoonal ci moom jemp wolif wat ga.

Bu sànnee watu daal di nay yewwiku yewwiku gu njëkk, lépp day daal di dagan ci moom ba mu des séq ak jigéen.

Topp mu wàcc Màkka wër wërug bëbbal ga, topp mu dox doxug aj ga bu dee kuy tamattuh la, walla kuy ifraat walla kuy qiraan te jotul a dox ginnaaw wërug dëgmal ga, bu ko neexee itam mu yeexe wër ga ak dox ba ba guddi walla ba ca bisu ñaareel ba keemtulaayal na mu jàppandiee ca moom.

## Juróomeel bi : yees war a def ci ñatti bis yi sës ci tabaski gi

Bu sànnee watu wër dox daal di nay yewwiku na gépp ug yewwiku, lépp daal di nay dagan ci moom ba ci jigéen ñi.

Mu daal di dellu Minaa fanaan fa guddig fukkeelu fan ak benn ak fukkeel ak ñaar ak fukkeel ak ñatt bu dee aji-yeexe la.

Mu daal di sànni ñatti jamra ya bu tisbaar jotee.

Bisu fukkeel ak benn lay sànni jamra bu njëkk bi - mooy bi gën a sori Màkka ci jamra yi te gën caa jege jumaay Xayf - sànni fa juróom-ñaari xeer yu tegaloo benn bu mu sànni teg ca ba ca topp, te kàbbar ci xeer wu nekk, topp mu jëm kanam tuuti ñaan ñaan gu yàgg ci lépp lu mu bëgg, bu dee taxawaay ba  ak ñaan gu yàgg ga day diis ci moom kon mu ñaan lol dina yomb ci moom doonte lu néew la ngir sunna si man a am.

Topp mu sànni jamra ba ca digg ba niki ni mu ko doxale ca bu njëkk ba, mu ñaan ginnaaw sànni ga.

Topp mu sànni jamratul Hãqabat niki noonu, ndare ne day daal di wëlbëtiku dem te du ñaan ginnaaw sànni googu.

Topp mu sànni jamra yi ci bisu fukkeel bi ak ñaar niki ni mu ko defee woon ci bis ba ko jiitu, bu matalee sànnim jamra yi, bu ko soobee mu gaawtu wàcc bawoo Minaa.

Bu ko soobee it mu yeexe ko fanaan fa guddig fukkeel gi ak ñatt sànni ñatti jamra ya ginnaaw tisbaar kem ni mu ame woon, yeexe gi nag mooy li gën.

Yeexe gi ba ca bisu fukkeel bi ak ñatt du doon lu war ndare jantub bisu fukkeel bi ak ñaar so fekk ko Minaa ; su boobaa day war ci moom mu yeexe ko ba sànni ñatti jamra ya ginnaaw tisbaar.

Waaye bu doon jant dafa so fekk ko Minaa ci bisu fukkeel bi ak ñaar ci lu dul ag tànnam niki mu jotoon a war la muy war ba dem waaye mu far yeex ngir raj-rajloog wata ya ak yu ni deme; su booba du war ci moom muy xaar bisu fukkeel ba ak ñatt ; ndaxte yeexam googu mu yeex ba jant ba so du ag tànnam.

## Juróom-benneel bi : wërug tàggatoo gi :

Bu bëggee génn Màkka dem dëkkam du génn fii ak muy wër ngir tàggoo.

Ba mu des kiy gis mbaax ak wësin wi ñoom ñaar wërug tàggatoo waru leen, du jaadu sax ñuy taxaw ca buntu Jumaa ja ñu wormaal ngir tàggoo; ndaxte loolu saxul jóge ci Yonnente bi yal na ko Yàlla xéewalal te jàmmal Ko.

Bu ko defee kiy aj daal di def wërug tàggatoo ga muy mbiram mu mujj ca néegu Yàlla ba bu dee daa bëgg a tukki ngir dellu.

Bu dee dafa a des itam ginaaw ag tàggatoom ngir xaar ñu muy àndal walla sëf ay godaaram walla jënd i aajo ci aw yoonam loolu dara du ko ca war, te du baamu wërug tàggatoo ga ndare mu yéene fomm ab tukkeem ba ca kanam, niki mu bëgg a tukki ci njëlbeenug bëccëg gi ba jot a wër ngir tàggoo daal di far fomm ba ngoon, su boobaa day baamu wërug tàggatoo ga ngir mujjug mbiram doon néegub Yàlla ba.

Yal na Yàlla dolli xéewal ak mucc sunu Yonnente ba Muhammat.

# xetouk tenk


| | |
|---|---|
| Lii ab tënk la buy leeral naka lañuy Aje | 2 |
| Laltaay | 2 |
| Sàrti nangu ag jaamu: | 2 |
| Li ci njëkk: àttey warabi armal yi: | 3 |
| Ñaareel bi: xeeti ajiin yi ak seen i àtte: | 4 |
| Ñatteel bi : melow armal ak i àtteem : | 5 |
| Ñenteel bi : yi ñuy wattandiku ci armal | 7 |
| Juróomeel bi : ni ñuy wëree Kaaba gi | 8 |
| Juróom-benneel bi : ni ñuy doxe diggante safaa ak Marwa: | 10 |
| Ni ñuy aje | 12 |
| Bi ci njëkk : armal ngir aj : | 12 |
| Ñaareel bi : fanaan Minaa: | 13 |
| Ñatteel ba : taxaw Arafa ak fanaan Musdalifa : | 14 |
| Ñenteel bi : yees war a def ci bisu tabaski bi: | 15 |
| Juróomeel bi : yees war a def ci ñatti bis yi sës ci tabaski gi | 16 |
| Juróom-benneel bi : wërug tàggatoo gi : | 18 |